



SANT ADOLESEN

MANYÈL

2022-2023

Depatman Pak ak Rekreyasyon nan Somerville
Nan 8 Bonair St. Somerville MA 02145
617-625-6600 ext. 2980
www.somervillerec.com

Tab dè Matyè

Apèsi sou Teen Center	2
Pwomès Nou	2
Vizyon	2
Misyon	2
Règleman Enklizyon	2
Sa nou Fè?	3
Enskripsyon	3
Aktivite Kotidyen pou Manm yo	3
Ranvwa	4
Vin Chèche Anreta	5
Pwomnad	5
Atant yo	5
Manm Nou yo	5
Jesyon Konpòtman ak Kòd Konduit	5
Atant Kominote Teen Center a	7
Atant yon Manm Teen Center:	7
Atant yon gadyen oswa yon paran Teen Center	7
Atant yon manm Anplwaye Teen Center	8
Règleman ak Pwosedi	8
Règleman Disiplin:	8
Redireksyon ak Adrese Konpòtman Entèdi yo	9
Telefòn Selilè	10
Règleman nan Twalèt ak Sikile Atravè Bilding lan	10
Rad	10
Efè Pèsonèl	10
Règleman pou Anviwònman San Lafimen Sigarèt	11
Sante ak Sekirite	11
Sekirite Manm yo	11
Règ 2 Sick 4 School	11
Ka Ijans	13
Règleman Bilding ak Pwosedi Fèmti	14
Ki Lè nou Fonksyone	14
Fèmti Ijans	14
Teen Center Obsève Jou Ferye sa yo	14
Kalandriye 2022-2023 Lekòl Piblik Vil Somerville	15
Règleman Pòt Louvri	16
Règleman Pòt Louvri	16
Pwosedi pou Kominikasyon Fanmi ak Anplwaye	16
Pwosedi Plent	17
Kòmantè ak Sigjesyon	17
Enfòmasyon Kontak	18
Apèl Telefonik:	18
Imel:	18
Reyinyon:	18

Apèsi sou Teen Center

Pwomès nou

Teen Center se yon lokal pou Manm Adolesan yo. San manm nou yo, nou pa kapab bay sèvis nou yo epi, poutèt sa a, nou apresye anpil nenpòt ak tout kòmantè manm adolesan yo ak fanmi yo, pou asire ke n ap bay sa Adolesan yo vle ak bezwen. Nou pral bay adolesan yo libète nan la mezi ke atant nou te fikse pou manm nou yo ap respekte epi satisfè nan tout bon kapasite manm yo a tou moman. Anplwaye Adolesan yo ap toujou respekte manm Adolesan nou yo ak fanmi yo avèk atant ke sa a va resipwòk. Pi gwo objektif nou se asire sekirite manm nou yo, asire ke yo santi yo gen valè, respekte, epi kenbe enklizivite si tout manm ak anplwaye yo nan premye plan nan aksyon yo ak eksperyans yo nan Teen Center a.

Vizyon

Vizyon nou se bay tout manm nou yo kapasite pou yo fè chwa ki sen epi siyifikatif.

Antan ke yon pwogram pilòt, Teen Center pral konsantre sou majorite premye ane a nan atire manm yo pou randre nan Teen Center, kenbe prezans yo, epi kreye yon anviwònman pozitif, enklizif, ak amizan pou tout manm yo. Majorite nan tan nou, antan ke anplwaye, pral pase nan chèche konnen chak manm nou yo - ki moun yo ye, sa yo renmen, sa yo pa renmen, ki kote yo soti, elatriye. Konsa, nou ka konsantre nou sou fason nou ka pi byen sèvi yo—ki domèn nan lavi yo nou ta ka ofri sipò, ki pwogram nou ka ofri pou prepare yo ou yon avni reyisi, ki jwèt yo jwenn ki amizan, elatriye.

Misyon

Misyon Depatman Pak ak Rekreyasyon Somerville la se “opere pwogram pandan tout ane a nan tout enstalasyon piblik yo, teren jwèt yo, lakou lekòl yo, ak divès lòt lokal pou ankouraje aktivite pozitif ak sen pou tout manm kominote Somerville la.

Misyon Teen Center Depatman Somerville Pak ak Rekreyasyon se “bay tout manm adolesan Somerville, ki gen laj 12-18 lane, aksè ekitab kounye a ak nan lavni a resous, sipò, ak devlopman konpetans lavi”.

Règleman Enklizyon

Teen Center Depatman Vil Somerville Pak ak Rekreyasyon adopte yon apwòch enklizyon ki ofri opòtinite pou tout timoun yo aji kòm tèt yo, patisipe nan tout aspè nan pwogram nou an, epi mete tèt yo nan yon anviwònman pozitif ak favorab. Tanpri pran yon randevou ak Koòdonatè Adolesan anyon fason pou w ka diskite kòman ou ka pi byen enkòpore pitit ou a nan nenpòt ak tout aktivite yo.

Sa Nou Fè?

Enskripsyon

Manm yo enskri pou tout dire ane lekòl la. Enskripsyon an pral sèlman konfime lè ke etap sa yo fin konplete:

1. Konplete enskripsyon sou entènèt ki gen ladan
 - a. Akò paran yo
 - i. Fòmilè Kontak Ijans
 - ii. Divilgasyon Egzansyon
 - b. Akò Manm yo

Remak: Manm yo pa ta dwe kòmanse enskripsyon nan Teen Center toutotan ke tout dokiman ki mande yo pa ko fin ranpli epi resevwa pa anplwaye Teen Center yo.

Chak manm pral resevwa yon kat manm lè ke yo enskri, epi yo vin yon manm, Teen Center a. Yo dwe pote api eskane kat sa a chak jou. Nou nan pwosesis pou jwenn opsyon altènativ nan ka kote yon moun ta blye kat li, sepandan nan moman sa a nou bezwen tout moun gen kat yo chak jou yo anrejistre.

Aktivite Kotidyen pou Manm yo

Nou garanti ke anplwaye Teen Center yo pral bay priorite a yon anviwonman pozitif ak enklizif ki va ankouraje nenpòt ak tout manm yo pou yo aji kòm tèt yo epi eksplorè atravè pwogramasyon. Anplwaye yo pral bay yon anviwonman ki chalere, ki emab, ki sipòtif, ki respekye ak konpatisan.

Kèk egzanp Aktivite jounalye

Aktivite
Rekreyasyon sosyal: chwa nan aktivite- jimnastik, zòn pou devwa, chanm pou jwèt, elatriye.
Ti goute
Konstriksyon Kominote: yon jwèt ke tout moun pral jwe, oswa detwa jwèt pou chwazi, pou ede konekte manm yo youn ak lòt
Chwa Pwogram: egzanp pwogram yo ka se: konsepsyon grafik, jwèt volebòl nan jimnazyòm lan, sipò siplémentè pou devwa lakay, aprann alfabetizasyon finansyè, "Kòman pou fè...?" Konpetans lavi, fè manje, elatriye.
Rekreyasyon sosyal, aktivite gwoup, evènman, elatriye.
RANVWA POU TOUT ADOLESAN SE <u>AVAN</u> 8 PM

Ranvwa

Ranvwa manm yo

Lè w ap ranpli pake enskripsyon an, w ap gen posiblite pou w chwazi si w ap (a) bay ptit ou pèmisyon pou l mache ale lakay li oswa (b) sèlman pèmèt granmoun ki apwouve ke ou nonmen yo pou vin chèche ptit ou a. Si w chwazi opsyon B, ki pèmèt ptit ou sèlman ranvwaye lè yon granmoun rive, konsa nou rete kwè ou konprann ke ptit ou a p ap gen dwa ale lakay li san yon adilt.

Nenpòt moun ki apwouve pou vin chèche ptit ou a dwe gen non I make sou Fòmilè ki Otorize pou Vin Chèche w la. Yo dwe fè Teen Center an konnen ke yon lòt moun ap vin chèche ptit ou AVAN ke yo lage li. Menm si se yon ka ijans, Teen Center an bezwen pèmisyon w pou lage ptit ou a bay yon lòt moun ki pa moun ou te mansyone sou Fòmilè Otorizasyon pou vin Cheche a. Dokimantasyon alekri ki nonmen moun (yo) ki otorize pa paran/gadyen an pou lage timoun (yo) obligatwa pou ranvwa. Yon adilt ki gen 18 lane oswa plis dwe siyen sòti manm nan. Yo dwe montre yon kat idantite lè yo vin chèche yon Adolesan. Yon Anplwaye Adolesan pa gen dwa kondui okenn manm lakay yo nan okenn sikontans sof si yo se frè ak sè manm nan. Si se ka sa a, yo gen dwa sèlman kondwi frè ak sè yo lakay yo.

Chak fwa ke y ap ranvwaye ptit ou a, swa pou l ale lakay li oswa moun ap vin chèche l, li dwe sòti nan pòt prensipal biling Teen Center a ki bay sou bò Otis St. la. Anvan yo pati, yo dwe ale nan biwo prensipal Teen Center a epi siyen pou yo ale. Sa ap ede nou kenbe sekirite manm nou yo kòm yon priyrite, epi asire tout moun soti nan biling lan chak jou.

Anplwaye Teen Center pral asime ke tou de paran oswa gadyen yo gen dwa pou yo vin chèche ptit yo sof si yon òdonans tribunal ta endike otreman nan dosye a. San yon òdonans tribunal, anplwaye Teen Center a pa kapab refize yon paran. Si Teen Center a gen yon òdonans tribunal epi yon paran ki pa gen gad timoun lan eseye vin chèche timoun lan, Sant Adolesan an ap rele paran ki gen gad la. Si paran ki pa gen gad lan ale ak timoun nan, Club la pral imedyatman rele lapolis epi rapòte sitiyasyon an. Teen Center a p ap mete lòt timoun yo an danje nan yon fè konfwontasyon ak paran ki pa gen gad la.

Li trè enpòtan pou Teen Center Pak ak Rekreyasyon Vil Somerville la ke ptit ou a, ansanm ak tout manm yo, rantre lakay yo san danje chak jou. Kidonk, si moun ki vin chèche ptit ou a parèt entoksike oswa li pa kapab mennen ptit ou lakay ou an sekirite, Kowòdonatè Adolesan an ap rele lòt paran an oswa kontak ijans lan. Si paran an refize dakò pou li pa transpòte, anplwaye Teen Center a pral rele lapolis epi rapòte paran an kòm entoksike.

Nan ka maladi oswa pwoblèm disiplin yon paran oswa gadyen oblige imedyatman vin chèche timoun nan. Si yo pa vin chèche timoun nan, yo va anpeche yo vini nan pwogram nan jou kap vini an. Si ptit ou a vini nan Teen Center vizibman malad, oswa vwa li enkyetid ke li santi I malad, anplwaye Teen Center a gen jiridiksyon pou deside si manm nan bezwen rantre lakay li

ou pa. Prekosyon ak pwosedi COVID-19 yo pral antre an konsiderasyon tou pou asire sante ak sekirite tout manm ak anplwaye yo.

Vin Chèche Anreta

Vin chèche/Ranvwa fèt chak jou anvan 8 pm. Si yon manm gen yon dispans ki di ke li ka mache ale lakay li, manm sa a ka kite Teen Center a nenpòt lè li vle. Si yon manm pa gen yon dispans pou mache ale lakay li, yon moun ki sou lis kontak ijans manm sa a dwe vin chèche l. Si vin chèche anreta kontinye, manm sa a pral pran yon ti pòz nan vini nan Teen Center jiskaske yon paran oswa gadyen ka rankontre ak anplwaye Teen Center.

Pwomnad

Pwomnad yo pral gratis epi yo ofri yon fwa chak trimès (3-4 pwomnad chak ane). Vwayaj sa yo ap fèt nan yon Vandredi epi yo pral mande konsantman paran/gadyen alekri anvan vwayaj la fèt. Pwomnad yo se yon privilèj. Tout manm yo pral resevwa òf pwomnad, sepandan nou ka retire privilèj pou yo patisipe akòz move konduit. Si manm yo pa ka suiv atant oswa Kòd Konduit nan biling nan, yo p ap envite yo pou patisipe nan evènman andeyò biling nan. Nou va distribye fèy enskripsyon anvan vwayaj la. Manm yo ka enskri epi yo pral ba yo dokiman ki nesesè pou paran oswa gadyen yo siyen. Yo dwe remèt yo pou garanti plas yo nan vwayaj la - sak vin anvan yo, ap jwenn sèvis anvan.

Atant

Manm Nou yo

Manm nou yo gen laj 12 a 18 lane. Si yon timoun gen 11 an anvan kòmansman ane lekòl la, li dwe tann jiska 12yèm anivèsè nesans li pou l enskri. Si yon manm enskri a 18 lane, epi li vin gen 19 lane pandan ane lekòl la, yo gen dwa rete yon manm jiskaske ane lekòl la fini toutotanke li toujou enskri nan lekòl segondè.

Jesyon Konpòtman ak Kòd Konduit

Konpòtman pozitif yo pral jwenn rekonzans ak felisitasyon, pandan ke konpòtman negatif yo pral jwenn redireksyon. Siksè se yon bagay endividéyèl, men kominate Teen Center nou an pral selebre yo. Objektif pou kreye ak ankouraje yon anviwònman pozitif, enklizif, ak sipòtif se pou ke chak manm ka konnen yo gen valè, epi selebre siksè endividéyèl yo.

Kòd Konduit Somerville Parks and Recreation Teen Center

Kòm Teen Center se yon kote yo pral ankouraje Adolesan yo pou yo aji kòm yo menm epi pou yo pran plezi ak zanmi yo, nou vle tou sipòte yon anviwònman pozitif, enklizif, ak konekte. Anba la se detwa egzanp konpòtman pozitif nou pral ankouraje nan Teen Center, ak egzanp

konpòtman posib yo ke nou pral redirije. Si konpòtman ke anplwaye yo redirije pa sanble gen siksè, nou te enkli tou altènativ ki

posib nan Kòd Konduit nou an.

Egzanp ankourajman pou konpòtman pozitif:

- Ranfòsman pozitif pou paran yo— rele lakay yo pou eksprime fyète pou siksè manm yo
- Fè Iwanj lòt manm yo— yon tablo shoutout kote manm yo ka remèsye oswa rele byen fò yon lòt manm te fè (egzanp ede yo fè devwa lakay yo, toujou patisipe, elatriye)
- Sètifikasi “Jèn pou Semèn/Mwa” ki pral anonse nan Teen Center a, ak yon ti rekonzans tou piti
- Ankourajman pou pwomnad ak/oswa aktivite
- Prim oswa rekonzans

Egzanp Konpòtman Pozitif yo enkli (men se pa sa sèlman):

- Respekte manm Teen Center ak tout anplwaye yo
- Rete responsab
- Bay èd
- Patisipe nan tout pwogram ak aktivite ki ofri yo
- Pa pè eseye yon bagay nouvo
- Ankouraje lòt moun patisipe oswa eseye yon nouvo pwogram
- Swiv direksyon anplwaye yo
- Konpòte w an bon spòtif
- Aksepte ak respekte lòt moun ki gen diferan opinyon oswa vizyon
- Ofri nouvo ide pwogram oswa ede fasilité yon aktivite
- Montre ou renmen koute
- Itilize politès
- Fè tout sa yo kapab pou itilize langaj ki apwopriye (oswa rekonèt itilizasyon langaj ki pa apwopriye yo epi korije tèt yo)
- Parèt amikal ak ouvè pou rankontre nouvo moun

Nou pa pèmèt bagay sa yo

1. Pwofanite anvè lòt moun
2. Pèsonn nan Teen Center pa dwe janm sèvi ak jouman rasyal, fraz denigran, oswa lòt fòm langaj ki pa apwopriye ak ofansif.
3. Goumen—One Strike Rule: si vyolans fizik rive ant manm Teen Center yo, yo va mete yo deyò nan pwogram nan. Si vyolans fizik ant manm Teen Center a rive andeyò lè Teen Center a, va gen yon sispansyon tanporè pou tout pati yo pandan ke yon envestigasyon ap mennen. Apre envestigasyon an, ranvwa posib nan pwogram nan ka rive. Menas vyolans fizik ant manm yo (vokalman, elektwonikman, elatriye) ka lakòz sispansyon pandan yon envestigasyon ap mennen, ak mete yo deyò posib nan pwogram nan.

4. Nou pa tolere entimidasyon ki fèt nan Teen Center a, sou Entènèt, nan lekòl la, elatriye. Teen Center a ap rete yon lokal enklizif, pozitivite, ak sipò pou tout moun, epi si yon manm eseye pètibe sa, yo pral fè fas ak menm konsekans anlè yo.
5. Move izaj ekipman, founiti, enstalasyon, veyikil elatriye (paran yo ka rann responsab pou ranplasman oswa reparasyon ekipman ki domaje yo)
6. Mank respè anvè manm yo, anplwaye yo, elatriye.
7. Alkòl, tabak, sigarèt elektwonik, oswa lòt dwòg
8. Ale nan zòn ki entèdi nan biling nan
9. Konduit antispòtif
10. Rad ki reprezante mesaj oswa imaj ki pa apwopriye (egzanp chemiz ki gen jouman, rad ki gen rapò ak gang, elatriye)
11. Nenpòt kalite zam ki gen ladan bal ak douy
12. Nenpòt konpòtman ki danjere ke anplwaye Teen Center a detèmine

Atant Kominote Teen Center a

Malgre ke Teen Center a pral fizikman yon lokal pou manm Adolesan yo ak anplwaye nou yo, nou va toujou apresye patisipasyon paran ak gadyen. Twa zòn ki kle nan kominote nou an se manm Adolesan nou yo, anplwaye Adolesan yo, ak fanmi Adolesan yo. Anba la se atant ke n ap fikse epi atann pou chak pati nan kominote Teen Center nou an swiv pou prepare nou tout pou siksè kòm yon antite.

Atant pou yon manm Teen Center:

- Swiv tout règ ak direktiv Teen Center yo anndan Teen Center a, a tou moman
- Respekte tout moun – pwòp tèt ou, lòt manm yo, ak tout anplwaye ak volontè yo
- Swiv enstriksyon anplwaye yo
- Mande anvan w kite espas ou ye a (sa gen ladan ranvwa nan fen jounen an)
- Règleman yon antre, yon sòti pa jou– manm yo ka antre nan biling nan yon fwa sèlman, epi kite biling nan yon fwa pa jou
- Pa antre zòn biling nan ki gen entèdiksyon (zòn ki gen siy “DO NOT ENTER”)
- Pa entèfere nan dwa lòt moun pou patisipe, sosyalize, ak aprann nan aktivite
- Mande èd

Atant yon gadyen oswa yon paran Teen Center

- Mete aksan sou atant manm lan pou pitit ou a
- Respekte tout manm anplwaye yo – règleman pòt ouvè pou komunikasyon ak kesyon, kòmantè, ak enkyetid toujou labyenveni
- Ankouraje patisipasyon nan tout aktivite – nou ankouraje libète chwa! Sepandan, nou pral ankouraje tout patisipan yo pou omwen eseye aktivite nou bay yo
- Vin chèche pitit ou anvan 8 pm. Si ou pa bay pitit ou a pèmisyon pou l mache ale lakay li, se responsabilite paran yo pou vin chèche pitit yo a alè. Rive an reta pral mennen a sispansyon posib oswa mete yo deyò nan pwogram. Si w bay pitit ou a pèmisyon pou l mache ale lakay li san sipèvizon, li dwe ale anvan 8 pm.

- Siyen tout dokiman ki nesesè pou pitit ou a kite biling nan, patisipe nan pwogram yo, oswa ale nan pwomnad.

Atant pou yon manm anplwaye Teen Center

- Respekte tout moun—tout manm yo, gadyen ak paran, ansanm ak lòt manm anplwaye
- Mete anplas yon politik pòt ouvè pou sigesyon sa yo: nouvo aktivite, lide pwogram, patenarya potansyèl, elatriye.
- Patisipasyon aktif nan dirije ak ede nan pwogram ak aktivite yo
- Pou w pa flannen nan tout biling nan poukout ou ak yon manm
- Koute Aktivman sa manm nou yo vle ak bezwen nan men nou antan ke anplwaye, ak nan Teen Center an antye

Règleman ak Pwosed

Règleman Disiplin:

Anplwaye yo pral itilize metòd disiplin ki apwopriye pou laj ak konsèy manm yo sa ki ankouraje kontwòl tèt yo, disiplin tèt yo, estim tèt yo, ak koperasyon. Lè yon pwoblèm disiplin prezante tèt li, nou kòmanse etap sa yo:

1. Redireksyon – nan ankouraje manm nan chanje konpòtman li, chwa mo yo, apwòch yo, elatriye.
2. Avètisman vèbal – pale an prive ak manm nan epi adrese sa konpòtman an ye, mande manm nan poukisa konpòtman an rive, epi ofri sigesyon sou fason nou ka chanje konpòtman an.
3. Pran yon ti repo– mennen manm lan nan yon nouvo espas pou yon ti tan pou detann, eklèsi lespri li, distrè tèt li, elatriye.
4. Fich disiplinè – anplwaye yo ap gen fòmilè Fich disiplinè ki disponib pou yo ranpli apre yo te eseye 3 premye etap règleman disiplin nan, men konpòtman an pa chanje. Y ap ranpli yon Fich disiplinè pou eksplike sitiyasyon an ak kòman manm lan te reponn, epi answit pèmèt paran oswa gadyen resevwa enfòmasyon sou ensidan an.

Lè yon repo oswa Fich disiplinè itilize, sa pral pèmèt yon tan pou eksplike manm nan poukisa konpòtman yo pa akseptab ak sa wap atann de yo. Sa a ofri tan pou nou travay ak manm yo, pètèt chèche konnen poukisa konpòtman sa a ap kontinye, epi ofri fason pou ede manm nan gen siksè nan sitiyasyon sa a. Si konvèsasyon sa a pa gen yon efè pozitif sou konpòtman an, sa pral moman pou diskite pwoblèm nan ak paran/gadyen legal timoun nan pou ede yo vini ak yon pi bon solisyon.

Lè konpòtman yon manm mete sekirite pou tèt li oswa pou lòt moun an danje, yo va rele yon paran/gadyen epi mande li pou vin chèche timoun lan imedyatman. Konpòtman sa a ka otomatikman lakkòz yo mete l deyò nan pwogram nan epi yo va okipe de sa a sou yon baz ka-pa-ka.

Men kèk egzanp sou konpòtman ki entèdi yo, sa a gen ladan men se pa sa sèlman:

- Retwouve w nan espas ki entèdi nan biling lan – Adolesan yo gen dwa nan espas Teen Center sèlman si yo avèk yon manm pèsonèl Teen Center. Tout lòt pati nan biling lan make klèman “DO NOT ENTER”
- Vyalasyon nenpòt règ sekirite
- Move izaj ekipman yo
- Vandalize pwopriyete Teen Center
- Refize swiv enstriksyon anplwaye yo
- Manke respè entansyonèlman anvè lòt manm oswa anplwaye yo
- Pètibe lòt pwogram oswa zòn pwogram yo
- Anrejistre oswa pran foto lòt manm oswa anplwaye yo san konsantman/san fotograf ki nan foto a
- Bay move non, jès obsèn, itilize jouman rasyal, ak langaj ki pa apwopriye
- Kite biling Teen Center an san pèmisyon oswa san konesans anplwaye Teen Center a
 - Si yo pa apwouve w pou mache ale lakay ou, ou pa dwe janm kite biling nan san paran w oswa gadyen w pa prezn pou vin chèche w
- Nan pwovoke oswa pwovoke diskisyon oswa batay pandan nenpòt bagay ki gen rapò ak Teen Center (pandan pwogram Teen Center, pwomnad, andeyò Teen Center, elatriye)
- Mete men w oswa lòt pati nan kò w sou yon lòt manm klib la
- Nenpòt konpòtman danjere ke anplwaye Teen Center a detèmine.

Redireksyon ak Adrese Konpòtman Entèdi yo

Ofans:

- #1 Avètisman vèbal
- #2 Redireksyon ki apwopriye pou laj ak konvèrsasyon ak anplwaye yo
- #3 Rapò Ensidan- Anplwaye/Manm/Direktè ak/oswa konferans paran
- #4 Sispansyon. Kowòdonatè/Direktè ap detèmine kantite tan ki apwopriye epi yo va enfòme
paran/gadyen

REMAK: Kèlke ofans ka lakòz sispansyon imedya oswa mete deyò nan Teen Center a

Manm anplwaye yo pral modelize teknik jesyon konpòtman pozitif ak komunikasyon respè avèk manm yo. Sekirite manm yo ak anplwaye yo ap toujou nan avangad enpòtans nan sitiyyason kote y ap dezescalade ak konpòtman negatif.

Telefòn Selilè

Manm yo gen dwa genyen epi itilize telefòn selilè yo ak elektwonik yo nan Teen Center, men nou ankouraje itilizasyon pozitif tout elektwonik avèk tan ki apwopriye lwen aparèy nou yo. Espesyalman, sa a gen ladan:

- Foto ki pran oswa anrejistreman videyo lòt moun, manm oswa anplwaye, san konsantman. Teen Center sa a se yon kote tout moun dwe santi yo an sekirite, konfòtab,

epi ankouraje yo pou yo aji kòm tèt yo. Pran foto oswa videyo lòt manm yo, sitou san konsantman yo, yo pap ka akseptab.

- Anplwaye yo pral ankouraje epi apresye si telefòn yo pa yon distraksyon pandan sèten pwogram oswa aktivite, sepandan, sa p ap stikteman enpoze.
- Si manm yo bezwen pran, oswa fè, yon apèl pèsonèl, yo ka sòti nan sal la pou plis konfidansyalite

Règleman nan Twalèt ak Flannen Atravè biling lan

Nan konsepsyon aktyèl Teen Center a, sèl twalèt ki disponib pou manm yo se nan etaj sousòl la—yon twalèt pou gason ak yon twalèt pou fi. Manm yo pa oblige mande pou yo ale nan twalèt la sepandan, yo ta dwe fè anplwaye yo konnen ke y ap kite sal kote yo ye a pou ke anplwaye yo ka konnen ki kote tout manm yo ye. Pou manm nou yo ki pa idantifye kòm gason oswa fi, nou gen yon twalèt pou moun sèks net ki disponib.

Si yon manm ap kite pou jounen an, li dwe fè yon manm anplwaye konnen. Nan fen lannwit lan, nou vle gen konfyans epi asire ke tout manm yo te kite biling lan an sekirite.

Rad

Teen Center Somerville Parks and Recreation konprann ke responsablite zafè rad ak aparans manm yo pral rete kòm responsablite manm endividyèl la ansam ak paran/gadyen yo. Yo gen dwa pou detèmine kòman manm yo abiye lè nou konsidere ke abiman an pa pral detwi pwopriyete Teen Center, li an konfòmite ak kondisyon sante ak sekirite, epi li pa lakòz okenn fòm dezòd oswa pètibasyon.

- Rad ki gen grafik oswa ekriti ki pa apwopriye pa dwe mete
- Chapo ak lòt kwafi dwe pèmèt figi a vizib pou anplwaye yo epi yo pa dwe entèfere ak vizyon nenpòt lòt manm oswa anplwaye.
- Hoodies yo dwe pèmèt figi a vizib pou anplwaye yo.
- Nenpòt rad ki denigran ke Anplwaye Teen Center yo wè kòm kwa yo pa akseptab.

Pandan ke yo nan jimnazyòm nan, manm yo dwe mete soulye fèmen pou asire sekirite ak anpeche risk pou yo blese. Rad nan jimnazyòm nan dwe apwopriye pou aktivite a, konfòtab, epi li pa twò lach kote li pral trape kò yon lòt moun epi chire.

Efè Pèsonèl

Teen Center ak anplwaye yo pa responsab okenn atik pèsonèl ki pèdi oswa ke yo volè. Nou ankouraje manm yo anpil pou yo veye atik pèsonèl yo ak anpil atansyon epi pou yo pa kite atik pèsonèl yo poukонт yo. Se yon bon pratik pou pa pote atik ki gen anpil valè nan Teen Center a.

Règleman sou Anviwonman San Lafimen Sigarèt

Teen Center se yon anviwonman san sibstans ki gen ladann, men se pa sa sèlman, pwodui tabak, sigarèt elektwonik/vapo, alkòl, dwòg, elatriye. Izaj nenpòt pwodui tabak anndan biling

Rekreyasyon yo, enstalasyon Rekreyasyon yo oswa sou Lakou Iwazi oswa nan otobis Iwazi pa nenpòt endividé, entèdi. Anplis de sa a, izaj sibstans pa nenpòt manm yo entèdi nan tout evènman Teen Center oswa Rekreyasyon ki patwone, kèlkeswa kote evènman sa a fèt. Konsekans yo pou fimen oswa izaj sibstans sou pwopriyete Rekreyasyon oswa nan Teen Center a ka jwenn nan Règleman Disiplin nou an.

Sante ak Sekirite

Sekirite Manm yo

Misyon nou se bay yon anviwònman ki an sekirite, enklizif ak sipòtif pou tout manm Teen Center a, avèk entansyon pou gen yon enpak pozitif sou lavi manm nou yo. Nou vle w konnen ke nou fè anpil bagay pou asire sekirite tout manm yo sa a gen ladan, men pa sèlman sa ki annapre yo:

1. Medya Sosyal:
Teen Center City of Somerville Parks and Recreation gen yon regleman an plas ke okenn anplwaye oswa volontè pa kapab "zanmi" manm Club yo sou rezo sosyal. Si pitit ou a gen nenpòt kont medya sosyal, tanpri kontwole li epi rapple manm yo ke yo pa ka zanmi oswa mande fè zanmi ak okenn anplwaye oswa volontè nan Teen Center a.
2. Nou gen yon règleman pòt ouvè epi si ou antan ke paran, gadyen, oswa yon manm gen nenpòt enkyetid oswa pwoblèm ak anplwaye, volontè, elatriye, nou sigjere w pale ak Brooke Metivier, Koòdonatè Adolesan, oswa George Scarpelli, Direktè Egzekitif. P ap gen okenn konsekans pou pitit ou yo si ou leve yon enkyetid epi yo va kenbe konfidansyalite.

Règ 2 Sick 4 School la

Règ "2 Sick 4 School" Vil Somerville la di ke "Timoun yo aprann pi byen lè yo repoze epi yo santi yo byen." Yon fason pou pi byen kenbe sante tout timoun yo, elèv ki malad aktivman (ki gen plis chans kontajye) pa dwe ale lekòl. Sa ki annapre yo ta anpeche pitit ou a vin lekòl la: Tanperati 100.4 degré oswa pi wo Vomisman oswa dyare Page 39 Tretman antibiotik jiskaske timoun nan resevwa tretman pou 24 èdtan konplè (jiskaske kontajyon an anba kontwòl). Yon elèv ki gen lafyèv dwe rete lakay li pou omwen 24 èdtan apre lafin tonbe san yo pa itilize medikaman. Anplis de sa a, peryòd tan sa a pèmèt pou rekiperasyon de maladi yo epi tou li pèmèt tan sistèm iminitè a ranfòse, pa konsekan bay yon defans kont ekspozisyon a mikwòb ak viris nan anviwònman lekòl la.

Pwotokòl COVID-19

Si pitit ou a malad, nou sigjere w konsilte Lis verifikasyon Sante Kotidyen COVID-19 nan—lis sentòm yo ak lyen ki anba a. Si pitit ou a gen youn nan sentòm sa yo, li dwe rete lakay li.

- Lafyèv (100.0° Fahrenheit oswa pi wo), frison, oswa frison tranble
- Difikilte pou respire oswa souf kout

- Ou fèn pèdi gou oswa sant
- Doulè nan misk oswa doulè nan kò
- Tous (ki pa akòz lòt bagay, tankou tous kwonik)
- Gòj fè mal, lè yo an konbinezon ak lòt sentòm
- Kè plen, vomisman oswa dyare lè yo konbine avèk lòt sentòm
- Maltèt lè yo an konbinezon ak lòt sentòm
- Fatig, lè yo an konbinezon ak lòt sentòm
- Nen bouche oswa nen k ap koule (ki pa akòz lòt bagay, tankou alèji) lè yo an konbinezon ak lòt sentòm

<https://somerville.k12.ma.us/district-departments/nursing-schools/daily-health-checklist>

Ka Ijans

Tout anplwaye Teen Center yo sètifye nan Premye Swen ak CPR. Anplwaye a pral rapòte blesi yo sou yon fòmilè rapò blesi epi yo pral enfòme paran/gadyen yo nan fen jounen an. Tout blesi nan tèt oswa nan je pral rapòte imedyatman bay yon paran/gadyen. Nenpòt blesi ki gen senyen oswa blesi pral rapòte tou bay yon paran/gadyen le pli vit posib. Nan ka evènman kote yon blesi oswa maladi ki pi grav, anplwaye yo pral fè tout efò pou kontakte yon paran/gadyen epi yo pral transpòte timoun nan yon lopital lokal. Anplwaye yo oblige ranpli yon Rapò Blesi chak fwa yon manm blese pandan pwogram Teen Center nou an. Si yo ranpli yon Rapò Blesi, anplwaye yo pral rele paran yo osi vit ke posib pou mete yo okouran de ensidan an. Tanpri asire w ke w mete tout alèji ak medikaman nan aplikasyon afilyasyon pitit ou a epi fè pèsonèl Teen Center a konnen vèbalman.

Règleman Bilding ak Pwosedi Fèmti

Orè Ouvèti yo

Teen Center ouvri pandan tout Ane Lekòl Piblik Somerville (premye jou lekòl nan mwa septanm rive nan dènye jou lekòl nan mwa jen) lendi jiska vandredi apati 2:30 pm jiska 8:00 pm. Nan mwatye jounen pou Somerville Public Schools, Teen Center a ap ouvri sòti 12 pm rive 8:00 pm.

Fèmti Ijans

Antan ke yon pati nan City of Somerville, Teen Center Somerville Parks and Recreation dwe respekte tout fèmti lekòl yo ki gen ladan jou ferye yo, vakans lekòl yo, ak fèmti akòz move tan. Si Vil la sispann lekòl akòz move tan oswa lòt sikontans, Teen Center a ap fèmen tou. Nou va fè tout efò posib pou voye imel bay paran ak gadyen yo, pandan ke n ap afiche enfòmasyon sou fèmti sou paj rezo sosyal nou yo, le pli vit posib.

Teen Center Obsèye Jou Ferye sa yo

Teen Center, Antan ke yon pati nan City of Somerville's Parks and Recreation Department, nou mache ansanm ak kalandriye Lekòl Piblik Vil Somerville la. Sa a gen ladann fèmen nan jou nèj yo.

Anba la a se yon lis jou ferye ke Teen Center a pral fèmen pou manm sèvis yo. Nenpòt lòt jou ferye oswa fèmti Club yo pral afiche alavans sou sit entènèt nou an ak paj Instagram Teen Center a.

- 5 septanm- Jounen travay
- 10 oktòb- Jounen Pèp Endijèn yo
- 8 Novanm- Jou Eleksyon
- 11 Novanm- Jounen Veteran yo
- 24 ak 25 novanm- Repo Thanksgiving
- 26 desanm-3 janvye- Rekreyasyon ivè
- 16 janvye- Jounen Martin Luther King
- 20-24 fevriye- Vakans fevriye
- 7 avril- Vandredi Sen
- 17-21 avril- Vakans avril
- 29 me- Jou Memoryal
- 16 jen dènye jou lekòl pwovizwa, si ane lekòl la repouse, nou va louvri jiska dat sa a (fèmen pou ane a apre jou sa a)
- 19 jen- Juneteenth

City of Somerville Public Schools Calendar 2022-2023



AUGUST '22					
M	T	W	TH	F	S
1	2	3	4	5	
8	9	10	11	12	
15	16	17	18	19	
22	23	24	25	26	
29	30	(31)			

SEPTEMBER '22					
M	T	W	TH	F	S
			1	2	
5	6	7	8	9	
12	13	(14)	15	16	
19	20	21	22	23	
26	27	28	29	30	

OCTOBER '22					
M	T	W	TH	F	S
3	4	(5)	6	7	
10	11	12	13	14	
17	18	19	20	21	
24	25	(26)	27	28	
31					

NOVEMBER '22					
M	T	W	TH	F	S
	1	2	3	4	
7	8	9	10	11	
14	15	(16)	17	18	
21	22	(23)	24	25	
28	29	30			

DECEMBER '22					
M	T	W	TH	F	S
			1	2	
5	6	(7)	8	9	
12	13	14	15	16	
19	20	21	(22)	23	
26	27	28	29	30	

JANUARY '23					
M	T	W	TH	F	S
2	(3)	4	5	6	
9	10	(11)	12	13	
16	17	(18)	19	20	
23	24	(25)	26	27	
30	31				

For more information or for any questions,
please contact Katherine Santiago –
ksantiago@k12.somerville.ma.us

Approved 02-07-2022 - Updated 09-19-22

2022-2023 School Calendar

FEBRUARY '23					
M	T	W	TH	F	S
		1	2	3	
6	7	(8)	9	10	
13	14	(15)	16	17	
20	21	22	23	24	
27	28				

MARCH '23					
M	T	W	TH	F	S
		1	2	3	
6	7	8	9	10	
13	14	(15)	16	17	
20	21	22	23	24	
27	28	(29)	30	31	

APRIL '23					
M	T	W	TH	F	S
3	4	5	6	7	
10	11	(12)	13	14	
17	18	19	20	21	
24	25	26	27	28	
29	30	31			

MAY '23					
M	T	W	TH	F	S
1	2	3	4	5	
8	9	(10)	11	12	
15	16	17	18	19	
22	23	(24)	25	26	
29	30	31			

JUNE '23					
M	T	W	TH	F	S
			1		
6	(7)	8	9		
12	13	14	15	(16)	
19	20	21	22	23	
26	27	28	29	30	

Quarters

- 1st Quarter 8/31 - 11/4 (45 days)
- 2nd Quarter 11/7 - 1/25 (45 days)
- 3rd Quarter 1/26 - 4/5 (45 days)
- 4th Quarter 4/6 - 6/16 (45 days)

Half-Day Wednesdays

Dismissal @ 11:30 (PK) Noon (K-8)	Feb. 8
Sept. 14	
Oct. 5, 26	Mar. 1, 15, 29
Nov. 16	Apr. 12
Dec. 7	May 10, 24
Jan. 11, 25	Jun. 7

Important Dates

August - 1 day

29 – 1st day for Staff Professional Development

30 – Staff Professional Development

31 – 1st day for students 1 - 12 (1/2 day)

September - 20 days

2 – No School (Offices Open)

5 – No School - Labor Day

6 – 1st day for Kindergarten and Pre-K students

26-27 - Rosh Hashanah*

October - 20 days

5 – Yom Kippur*

10 – No School - Indigenous Peoples' Day

24 - Diwali

November - 18 days

8 – No School - Election Day (Offices Open)

11 – No School - Veterans Day

23 – Begin Thanksgiving Recess at noon

December - 16 days

19-26 - Hanukkah*

22 – Begin Winter Recess at noon

(Includes Christmas - 12/25 and Kwanzaa - 12/26)

January - 19 days

2 – No School – in Observance of New Year's Day

3 – No School – Professional Develop. for Staff

4 – Classes Resume

6 – Three Kings Day / Dia De Los Reyes

16 – No School – Martin Luther King Day

22 - Lunar New Year

February - 15 days

20-24 – February Vacation (includes Presidents' Day)

March - 23 days

8 – Holi

3/23-4/21 – Ramadan*

April - 14 days

3/23 - 4/21 – Ramadan*

6-13 - Passover*

7- No School - Good Friday

9 - Easter

17-21 – April Vacation (includes Patriots Day)

22 - Eid al-Fitr*

May - 22 days

29 – No School – Memorial Day

June - 12 days

2 – Class Day (Tentative)

5 – Graduation Day (Tentative)

16 – Last day of school (180 days)

19 – Juneteenth - Offices Closed

26 - 185th day

Prof. Dev. for Teaching Staff

○ Half-Day for ALL students PK-12

☆ Special Dates for Seniors

Major Religious & Cultural Holidays

Dates underlined above represent the district's major religious and cultural holidays. All Jewish and Islamic holidays starred (*) above begin at sundown the previous day. Somerville Public Schools staff members will do their best to refrain from scheduling one-time events, field trips, athletic competitions, auditions, tests, quizzes for these days. Long-term assignments will not be due on the day of or the day after one of these holidays.

Règleman Pòt Louvri

Règleman Pòt Louvri

Pandan pwogram Teen Center apre klas nou yo, nou ankouraje manm yo pou yo tcheke nan Teen Center a nenpòt ki lè ant 2:30-8pm. Adolesan ki gen apwobasyon paran oswa gadyen, ak pèmisyon ki siyen, pou yo mache ale lakay san sipèvizon gen dwa ale lè yo vle. Si yon paran oswa yon gadyen dwe vin chèche yon Adolesan chak jou, yo ka ale sèlman si paran yo oswa gadyen yo nan biling lan pou vin chèche yo. N ap kenbe yon dosye sou moun ki apwouve pou vin chèche chak adolesan, si sa a chanje pandan ane lekòl la ou dwe fè anplwaye Teen Center konnen anvan yo vin chèche yo.

Règleman "Pòt Louvri" ap fèt nan fason sa a- Règleman sa a vle di ke manm ki anrejistre nou yo, ki gen laj 12-18 lane, ka antre epi sòti nan etablisman an nenpòt ki lè pitit ou a konsidere li apwopriye pou yo fè sa. Sepandan, sa a pral fèt nan "Antre yon fwa, sòti yon fwa" sa vle di manm yo pa ka antre ak sòti nan etablisman an plizyè fwa pandan menm jounen an pou asire sekirite manm yo. Yon fwa yon manm kite li ale, li pa ka tounen epi tcheke nan jou sa a. Anplis de sa, yon fwa manm nan kite pòt Edgerly School la, yo ta dwe kite pwopriyete ki antoure a—si yo kite biling lan, yo dwe konplètman kite epi yo pa rete ap trennen deyò a. **Pou kesyon yo, kòmantè, oswa enkyetid konsènan randevou, reyinyon, elatriye kontakte anplwaye Teen Center alavans.**

Manm yo pral gen libète pou yo vini nan Teen Center nan kèlkeswa lè a, epi kite etablisman an nan kèlkeswa lè a. Sepandan, chak manm gen dwa sèlman "Antre yon fwa, sòti yon fwa" pa jou; sa vle di yon fwa yon manm antre nan Teen Center, yo dwe rete jiskaske yo gen entansyon kite pou jounen an. Yon fwa yo kite biling nan yo pa ka antre ankò nan menm jou a.

Nou ankouraje paran ak gadyen yo pou yo gen yon Règleman Pòt Louvri ak Anplwaye Teen Center yo pou komunikasyon, sa vle di ke nou toujou disponib pou reponn kòmantè, kesyon, ak enkyetid pa telefòn oswa imel. Piske Sant Adolesan an se yon espas pou Adolesan nou yo, nou vle ankouraje paran ak gadyen yo pou yo vizite Teen Center a sèlman ant 9am-2pm.

Pwosedi pou Kominikasyon Fanmi ak Anplwaye

Teen Center City of Somerville Parks and Recreation an ouvri pou paran ak gadyen legal yo pou vizite fizikman etablisman nou an ant 9am-2pm. Nou va apresye anpil si w fè planifikasyon pou w vizite Teen Center anvan vizit fizik ou a, swa pa imel oswa komunikasyon telefònrik. Kontakte anplwaye Teen Center yo se yon bagay ki toujou byen akeyi, epi n ap fè tout sa nou kapab pou reponn ant 9am-8pm. Pandan peryòd fonksyonman kote Adolesan nou yo ap nan biling lan, ant 2:30pm-8:00pm oswa 12:30pm-8:00pm nan mwatye jounen yo, nou mande paran yo pou pa vizite Teen Center sof si se pou lage pitit yo. Nou ankouraje paran ak gadyen yo patisipe nan pwogram nou yo, ankouraje Adolesan yo pou vin patisipan aktif, epi ofri lide,

sigjesyon, ak enkyetid bay anplwaye Teen Center yo chak fwa yo prezante. Pou facilite bon jan kalite komunikasyon, pwosedi sa yo pral fèt konsa:

1. Sitwèb Somerville Recreation, anba Teen Center: gade la pou orè chak jou nan aktivite pwogram yo, meni goute, evènman k ap vini yo, pwograme fèmti Club, resous kominotè, dokiman ki nesesè yo, elatriye.
2. Yon konferans vityèl pou paran ap fèt atravè Zoom ant Anplwaye Club ak paran/gadyen yon fwa chak trimès, Nou pral voye yon imel bay fanmi yo epi li pral anonse sou sitwèb Somerville Recreation Teen Center a tou.
3. Lis imèl: lè w ap enskri pitit ou a, imel ou bay lan pral ajoute nan lis imel nou an chak mwa kote y ap mete w ajou sou fiti opòtinite pwogram yo, w ap enfòme sou aktivite nou te fè, resous Adolesan, ak lòt enfòmasyon.
4. Koòdonatè Adolesan an ak lòt manm anplwaye Teen Center a pral fè tout efò rezonab pou adrese enkyetid paran/gadyen yo alè. Enkyetid ki pi grav yo pral gen priyorite. Pasyans ou ak koperasyon ou apresye.
5. Paran/Gadyen yo dwe bay Teen Center enfòmasyon ki fèk mete ajou, espesyalman chanjman nan nimewo telefòn yo oswa chanjman nan otorizasyon pou ranvwa.

Pwosedi Plent

Si yon manm gen pwoblèm oswa enkyetid, nou espere ke l va santi l alèz pou pale ak yon manm Teen Center yon fason pou n ka abòde sitiyasyon an anvan l ogmante. Anplwaye yo va respekte tout enkyetid manm yo, epi yo va adrese pwoblèm lan an prive ak konfidansyalite.

Si yon paran oswa yon gadyen gen nenpòt pwoblèm oswa enkyetid, tanpri adrese yo ak Kowòdonatè Adolesan an pou li ka rezoud li an prive le pli vit ke posib. Si nou pa konnen ke gen yon pwoblèm, oswa ke ka gen pwoblèm k ap leve, nou pa ka travay pou rezoud li. Nou vle bay yon atmosfè kote pitit ou a, ak tout lòt manm yo, santi yo an sekirite epi amize yo pandan y ap patisipe, sosyalize, ak aprann nan Teen Center nou an.

Kòmantè ak Sigjesyon

Kòmantè ak sigjesyon w yo, ansanm ak kòmantè epi sigjesyon manm yo, apresye epi yo pral sèlman rann Teen Center nou an pi bon. Paran/gadyen yo ka pale ak anplwaye nou yo pa imel oswa pa telefòn, epi nou va fè tout sa nou kapab pou reponn le pli vit ke posib. Nou ankouraje paran/gadyen yo pou kontakte anplwaye nou yo pou planifye lè reyinyon yo, ki disponib an pèson oswa atravè zoom. Nou ta apresye ke tout vizit an pèson yo pwograme alavans, ak ant 9am-2pm, Lendi jiska Vandredi.

Enfòmasyon Kontak

Apèl Telefònrik:

Mande pou w pale ak Brooke Metivier konsènan kesyon espesifik sou Teen Center, kòmantè, enkyetid, lè orè reyinyon yo, elatriye. Si Brooke pa disponib, tanpri mande pou w kite yon mesaj epi yo va kontakte w le pli vit ke posib.

Si se yon ijans, epi Brooke pa disponib, yon lòt manm anplwaye yo va ede w epi Brooke ap fè swiv a si sa nesesè.

Nimewo Telefòn: 617-625-6600 x 2980

Imel:

Tanpri mete non w, non pitit ou a (yo), "Teen Center" yon kote nan imèl la, ansam ak enfòmasyon kontak si sa nesesè. Nou va reponn imel ou a le pli vit ke posib.

Imèl ki pral konekte ak Kowòdonatè Adolesan an:

jvallesio@somervillema.gov

gscarpelli@somervillema.gov

Reyinyon:

Reyinyon an pèsòn, ak reyinyon zoom, yo enpòtan pou kreye epi ankouraje relasyon ak fanmi Manm Adolesan yo sepandan li preferab pou pwograme yo alavans. Tanpri voye swa imel oswa rele, epi tann yon repons pou w ka apre sa a, pwograme yon lè komen pou rankontre.



***** Tanpri ranpli epi pote nan premye jou w nan Teen Center a.*****

Akò pou Afilyasyon

Mwen (Non gadyen legal) _____ ak (Non manm lan) _____
te li epi Mwen dakò pou swiv Atant ak Kòd Konduit Manyèl Teen Center a.

Siyati:

Siyati Paran/Gadyen an: _____

Siyati Manm lan: _____

Dat: _____

Fòmilè Kontak Ijans Teen Center

Non Timoun nan:

Enfòmasyon pou Kontak Ijans:

Non: _____ Nimewo Telefòn: _____

Non: _____ Nimewo Telefòn: _____

Tanpri fè yon lis non tout moun ki gen dwa vin chèche pitit ou a nan pwogram lan. Yon fòm idantifikasyon foto dwe prezante lè w vin chèche timoun nan.

Non: _____

Relasyon ak Timoun nan: _____

Nimewo Telefòn: _____

Non: _____

Relasyon ak Timoun nan: _____

Nimewo Telefòn: _____

Tanpri fè yon lis tout alèji li yo:

Mwen bay pitit mwen pèmisyon pou l mache ale lakay poukont li. Wi Non

Siyati Paran/Gadyen:

Tanpri enprime li epi pote l avèk ou nan premye jou pwogram pitit ou a

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte Parks and Recreation Department an nan
617-625-6600 ext. 2980.